

ISTWA AK JEWOGRAFI JENERAL

Madi 26 Janvyè 2016 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A JOUK YO BA OU SIYAL POU FÈ SA.


Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

- | | |
|--|---|
| <p>1 Ki syantifik sosyal ki konsantre etid yo sou rate, resous, ak objektif pou fè pwofi?
(1) akeyològ yo (3) ekonomi yo
(2) istoryen yo (4) sosyològ yo</p> <p>2 Yon jewograf ap eseye konprann epi entèprete modèl yo ak pwosesis yo sitou lè li
(1) egzamine teyori politik yo
(2) konfime istwa aloral yo
(3) etidye modèl òf ak demann
(4) analize done espasyal nan diferan echèl</p> <p>3 Nan yon sistèm palmantè ki gen anpil pati politik kote okenn pati apa pa gen yon majorite, anjeneral eleksyon yo fasilite
(1) ekonomi planifye
(2) konfli relijye
(3) gouvènman kowalisyon
(4) mouvman sesesyonis</p> <p>4 Ki faktè ki te pi jwe sou konstwiksyon vilaj semi-pèmanan yo pandan peryòd Neyolitik la?
(1) pwodiksyon manje anlès
(2) lojman nan miray gwòt yo
(3) posiblite pou eksplwate dife
(4) entwodiksyon filè pou lapèch</p> <p>5 Ki faktè jewografik ki te santral nan ede Women yo inifye lanpi yo?
(1) Alp yo (3) Lanmè Meditèrane
(2) Rivyè Tib (4) Gran Vale Rift</p> | <p>6 Ki rejyon ki te orijin Konfisyonis, Boudis, ak Endouyis?
(1) Afrik (3) Ewòp
(2) Azi (4) Amerik-di-Sid</p> <p>7 Ki zòn ki te sèvi kòm yon pon kiltirèl ant ansyen Lachin ak Japon?
(1) Lapès (3) Lend
(2) Lawisi (4) Kore</p> <p>8 Wòl dirijan relijye Mizilman yo nan Afrik se te pou
(1) simaye Kat (4) Verite Nòb yo
(2) ensiste sou enpòtans venerasyon zansèt
(3) ankouraje sistèm kas la
(4) entwodui ansèyman Koran</p> <p>9 Lanpi Abbasid ak Ummayad te pi asosye depre avèk
(1) sa ki te lakòz chit Lanpi Women oksidantal
(2) kreyasyon yon Lajdò Islamik
(3) kontwòl komès nan Detwa Malacca
(4) envansyon bousòl ak poud pou kanon</p> <p>10 Sistèm seyèri ewopeyen pi asosye depre avèk
(1) pwomosyon mobilite sosyal
(2) retablisman ak konsèvasyon aprantisaj
(3) satisfaksyon bezwen espiritiyèl sosyete a
(4) konsèvasyon endepandans ekonomik</p> |
|--|---|

Sèvi ak kat jewografik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 11 ak 12.



Sous: *World History: Patterns of Interaction: In-Depth Resources*, McDougal Littell, 1999 (adapte)

- 11 Dapre kat jewografik sa a, nan ki zòn Ewopeyen yo te jwenn pifò nan baz komès yo?
- (1) arebò Rivyè Ganj
 - (2) arebò Rivyè Endis
 - (3) lakòt Lanmè Arabi
 - (4) Bè rejyon Bengal
- 12 Ki konklizyon sou ekonomi Lend pandan peryòd Mughal ki kapab pi byen kore avèk enfòmasyon ki endike sou kat jewografik sa a?
- (1) Kanèl ak pwav te pwodui prensipal Kachmi.
 - (2) Yo te pwodui pifò machandiz ki gen pou wè ak twal onò Deccan Sultanate.
 - (3) Yo te eksplwate min dyaman ak lò nan rejyon Bengal.
 - (4) Yo te fè lakilti anpil pwodui twopikal toupre Delhi.

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 13 la.

Legliz Wittenberg



Sous: Paula J. Becker (adapte)

13 Ki peryòd ki te kòmanse kòm yon rezilta aksyon ki endike nan desen komik sa a?

- (1) Renesans Italyen
- (2) Refòm Pwotestan
- (3) Revolisyon Syantifik
- (4) Revolisyon Glorye


14 Wayòm Gana ak Mali te vin pwospè ak puisan akòz

- (1) patisipasyon yo nan komès lò ak sèl
- (2) pwoteksyon militè Ejiptyen yo te bay yo
- (3) depandans yo sou legalis pou ranfòse kontwòl sosyal
- (4) revni nan taks yo touche nan men misyonè kreyen yo

15 Kwayans chinwa ki endike Lachin te Wayòm Mitàn se yon egzanp

- (1) ekstra-teritorialite
- (2) etnosantris
- (3) pyete filyal
- (4) Manda Lesyèl

Sèvi ak òganizatè grafik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 16 la.



16 Ki ekspresyon ki pi byen konplete òganizatè grafik sa a?

- (1) Konstwiksyon anpil milye mil wout
- (2) Antretyen yon gwo flòt naval
- (3) Kreyasyon yon bibliyotèk nasyonal ki ranpli avèk anpil santèn liv
- (4) Depandans sou karavàn chamo

- 17 • Kèk nomad Azi Santral te pase lavi yo ap ankouraje komès toutolon Wout Swa.
- Nomad Azi Santral yo te anvayi vilaj yo ak vil yo lè chanjman klima a te afekte rezèv manje yo.
 - Kèk nomad Azi Santral te adopte Islam epi kèk lòt te anbrase kilti islamik yo.

Dapre deklarasyon sa yo, ki jeneralizasyon sou nomad Azi Santral yo ki kapab pi byen sipòte?

- (1) Yo te reprezante yon ti kantite defi pou sosyete sedantè yo.
- (2) Yo te fè alyans avèk vwazen sedantè yo pou reziste kont lennmi komen yo.
- (3) Yo te entè-aji avèk sosyete sedantè yo.
- (4) Yo te kontribiye yon jan piti nan kilti vwazen sedantè yo.

- 18 Tik Otoman yo te konsidere Konstantinòp kòm yon kote ki enpòtan sou plan estratejik paske li

- (1) te kote Pwofèt Muhammad te fèt
- (2) ta fasilite yo kontwole Vatikan
- (3) te yon kalfou ant Ewòp ak Azi
- (4) ta bay yo aksè nan Gòlf Pèsik

- 19 Yon fason vwayaj Zheng He lanperè Yongle peyi Lachin te otorize ak eksplorasyon Wa Fèdinan ak Rèn Izabèl peyi Lespay te finanse sanble sèke vwayaj sa yo ak eksplorasyon sa yo te pèmèt

- (1) yon ogmantasyon efò pou konsève sitiyasyon ki te genyen nan moman an
- (2) komès ak difizyon kiltirèl
- (3) kreyasyon lanpi kolonyal yo
- (4) lagè naval ant puisans rival yo

20 Ki peyi ki nan rejyon yo konnen kòm Amerik Latin?

- (1) Pòtigal
- (2) Somali
- (3) Vyetnam
- (4) Ajantin

21 Ki sitistasyon ki te lakòz peyi Lespay kolonize Amerik yo kont volonte li?

- (1) kreyasyon yon balans komèsyal favorab
- (2) entwodiksyon sistèm enkomyennda
- (3) transmisyon maladi kontajye
- (4) eksplwatasyon resous nan nouvo teritwa yo

22 Yon fason Suleiman the Magnificent ak Louis XIV sanble sèke toulède

- (1) te santralize pouvwa politik la
- (2) te entwodui yon nouvo relijyon nasyonal
- (3) te fè otorite nobilite a vin pi fò
- (4) retire obligasyon feyodal yo sou do peyizan yo

23 Nan 16yèm ak 17yèm syèk, teyori elyosantrik te vin poto-mitan pou deba ant

- (1) kapitalis ak kominis
- (2) lasyans ak relijyon
- (3) kolonyalis ak nasyonalis
- (4) izolasyonis ak globalis

24 Nan ki fason lide Syèk Limyè te jwe sou Revolisyon Fransè?

- (1) Yo te ankouraje sipèstisyon ak inyorans.
- (2) Yo te bay laglwa pou prensip mèkantilis la.
- (3) Yo te konteste teyori diven wa yo.
- (4) Pinisyon pou zak kriminel yo te anrasinen nan vanjans.

25 Nan ki fason divèsite jewografik Amerik Latin te afekte peyi ki te fèk endepandan yo?

- (1) limite pouvwa militè Kreyòl yo
- (2) fòse Legliz garanti refòm latè
- (3) fè inite politik la difisil
- (4) nesosite yo depandans sou Lespay

26 Ki deklarasyon ki pi byen dekri yon konsekans echèk Napoleon pou konprann jewografi ris la?

- (1) Dlo ajite ki nan Lanmè Baltik te detwi flòt li.
- (2) Yon sezon livè difisil te separe fòs lame li avèk rezèv nesèsè yo.
- (3) Fòs lame li yo pa t kapab kwaze Montay Oural wo yo.
- (4) Yon peryòd long tanperati wo ak mank dlo te metrize twoup li yo.

Sèvi ak ekstrè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 27 la.

. . .Nan kèk egzanp, kantite èdtan travay regilye pa depase dis (10), sof san yo bay pou manje; pafwa kantite èdtan travay la se onz (11), men pi souvan douz (12); epi nan pi gwo kantite egzanp, travay la kontinye pou ken z (15), sèz (16) ak menm dizwit (18) èdtan san rete.

Nan prèske chak egzanp, Timoun yo travay nan menm kantite tan avèk adilt yo; pafwa yo kenbe yo nan travay la pou sèz (16), ak menm dizwit (18) èdtan, san okenn sispansyon. . . .

— *The Physical and Moral Condition of the Children and Young Persons Employed in Mines and Manufactures, 1843*

27 Yo te itilize kalite prèv sa a nan rezònman pou

- (1) modifiye pratik lesefè
 - (2) opoze avanse kominis lan
 - (3) mete restriksyon sou dwa pou vote
 - (4) refòm sistèm pwopriyete teryen
-

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 28 la.

. . . Boujwazi a, avèk amelyorasyon rapid tout zouti pwodiksyon, avèk pakèt mwayen ki fasilite kominikasyon, atire tout nasyon, menm nasyon ki pi mekan yo, nan sivilizasyon. Pri ba machandiz li yo se atilri lou yo itilize pou kraze tout miray chinwa yo, yo itilize pou fòse baba ki gen lahèn ki obstine yon fason entans [pèsistan] pou etranje yo kapitile [rann tèt yo]. Li egzije tout nasyon yo, anba menas pou disparisyon, pou yo adopte mòd pwodiksyon boujwa; li egzije yo entwodui sa li rele sivilizasyon pami yo, *sètadi.*, pou yo vin boujwa pou tèt yo. Sa vle di, li krewe yon momn ki pote non imaj li. . . .

— Karl Marx and Friedrich Engels

28 Ki deklarasyon ki sipòte pwendvi ki eksplike nan pasaj sa a?

- (1) Boujwazi a bezwen itilize fòs militè pou louvri mache yo.
- (2) Boujwazi a konpare annaryè avèk baba yo.
- (3) Etranje yo ak boujwazi a dwe travay ansanm pou mete yon pwen final nan disparisyon kilti yo.
- (4) Pri ki ba yo ak amelyorasyon endistriyèl se zouti boujwazi a itilize pou enpoze valè li yo.

- 29 • 1791—Deklarasyon Dwa pou Fanm Vote ak Sitwayen Femèl (Lafrans)
• 1829—Pwoyibisyon sati (Lend)
• 1857, 1882—Lwa konsènan Pwopriyete Fanm Marye (Grannbretay)

Ki chanjman nan pèsepsyon devlopman entènasyonal sa yo sijere konsènan fanm yo?

- (1) yon diminisyon nan pouvwa politik pou fanm yo
- (2) yon bès nan sitiyaasyon ekonomik fanm yo
- (3) yon enkyetid k ap grandi pou tretman fanm yo
- (4) yon ogmantasyon nan eksplwatasyon global fanm yo

30 Revolisyon Ayisyen an ak Rebelyon Sepòy te fèt pou bay repons pou

- (1) politik kolonyal ewopeyen
- (2) rivalite etnik endijèn
- (3) devlopman iben
- (4) divizyon relijye

Sèvi ak avi ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 31 an.

AVI!

N ap fè vwayajè ki gen entansyon anbake nan vwayaj sou Atlantik la gen yon sitiyaasyon lagè ant Almay ak alye li yo ak Grannbretay ak alye li yo; zòn lagè a gen ladan dlo ki toupre Zile Britanik yo: epi, dapre avi ofisyèl Gouvènman Enperyal Alman an bay, bato ki gen drapo Grannbretay yo, oswa nenpòt nan alye li yo, responsab pou destwiksyon ki fèt nan dlo sa yo epi vwayajè k ap navige nan zòn lagè a sou bato Grannbretay yo oswa sou bato alye li yo ap fè sa nan risk pa yo.

ANBASAD ALMAN ENPERYAL,
Washington. D. C., 22 Avril 1915.

Sous: *New York Times*, May 1, 1915 (adapte)

31 Ki inovasyon teknolojik Premye Gè Mondyal la ki pi asosye depre avèk avi alman sa a?

- (1) tank
- (2) avyon
- (3) soumaren
- (4) mitrayèt


32 Kisa ki te objektif prensipal Siyonis lan?

- (1) fòmasyon yon gouvènman reprezantatif nan peyi Lachin
- (2) kreyasyon yon patri jwif nan rejyon Palestin
- (3) amelyore nivodvi nan peyi k ap devlope yo
- (4) krewe yon òganizasyon entènasyonal pou kenbe lapè pou rezoud konfli global yo

33 Kilès nan evènman sa yo ki te pase nan Inyon Sovyetik ki te yon kòz dirèk lòt twa (3) yo?

- (1) grangou nan Ikrèn
- (2) egzeksyon plan senkan yo
- (3) kreyasyon bitasyon angwoup yo
- (4) devlopman endistri lou

Sèvi ak kat jewografik ki anba a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 34 la.



Sous: World History on File, Facts on File (adapte)

34 Dapre kat jewografik sa a, ki rejyon ki te gen bès ki te pi grav nan pwodiksyon endistriyèl ant ane 1929 ak 1932?

- | | |
|------------------|------------------|
| (1) Ewòp-de-Lwès | (3) Ewòp santral |
| (2) Nò Ewòp | (4) Sid Ewòp |

35 Nasyonalis ekstrèm, moun k ap viv pou byen leta, ak fidelite san kondisyon pou dirijan an se karakteristik ki defini

- | | |
|---------------|---------------|
| (1) fachis | (3) demokrasi |
| (2) liberalis | (4) teyokrasi |

36 Repons Inyon Sovyetik pou fòmasyon Òganizasyon Trete Atlantik Nò (North Atlantic Treaty Organization, NATO) se te pou kreye

- | | |
|-------------------|--------------------|
| (1) Plan Marshall | (3) Doktrin Truman |
| (2) Pak Vasovi | (4) Inyon Ewopeyen |

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 37 la.



Sous: Leslie Illingworth, June 23, 1941, The National Library of Wales (adapte)

37 Aksyon Hitler jan sa eksprime nan desen komik sa a te lakòz Stalin

- (1) adopte yon politik apezman
- (2) pran kontwòl endistri Alman
- (3) fè yon sèl avèk Alye yo pou batay kont Almay
- (4) redui dimansyon fòs lame Sovyetik

38 Ki deklarasyon sou konsekans jewografi sou kilti ak istwa rejyon Mwayennoryan nan 20yèm syèk la ki gen plis presizyon?

- (1) Dezè yo te anpeche envazyon militè yo.
- (2) Distribisyon inegal resous yo te lakòz konfli.
- (3) Abondans dlo te kontribiyè nan endepandans agrikòl.
- (4) Montay yo te bloke difizyon kiltirèl.

Sèvi ak lirik chanson ki anba la a ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 39 ak 40.

Lès la Wouj

Lès la wouj, solèy la leve.
Lachin te kreye yon Mao Zedong.
Li ranmase fòtin pou pèp la,
Oura, li se gwo sovè pèp la.

Prezidan Mao renmen pèp la,
Li se gid nou,
Pou bati yon Lachin tounèf,
Oura, li mennen nou annavan!

Pati Kominis lan tankou solèy la,
Kèlkeswa kote li briye, li klè.
Kèlkeswa kote gen yon Pati Kominis,
Oura, gen moun ki libere!

39 Ki lide prensipal chanson chinwa sa a nan ane 1960 yo?

- (1) Solèy la p ap janm kouche sou kominis chinwa a.
- (2) Politik kominis yo ap libere Mao Zedong.
- (3) Pèp chinwa a ap vin rich anba kominis lan.
- (4) Mao Zedong ap alatèt Pati Kominis lan nan bati yon Lachin tounèf.

40 Yo te ka pi chante chanson chinwa sa a nan ane 1960 yo pandan

- (1) retou Hong Kong
- (2) Revolisyon Kiltirèl
- (3) Rebelyon Boksè
- (4) Ensidan Tiananmen Square

41 Pandan Lagèfwad, desizyon Lend pou pa sipòte ni Etazini ni Inyon Sovyetik te baze sou politik

- | | |
|--------------------|------------------|
| (1) non-aliyman li | (3) izòlman li |
| (2) izolasyonis | (4) separatis li |

- 42 • Vietcong te disparèt an kouvèti jeng.
 • Tanpèt sab yo te bloke vòl elikoptè yo nan peyi Irak.
 • Gwòt montay afgan yo te sèvi kòm abri pou Osama bin Laden.
- Ki jeneralizasyon ki kapab pi byen aplike nan sitiyasyon sa yo?
- (1) Teknoloji avanse asire laviktwa.
 (2) Tansyon relijye yo ankouraje dezagreman yo souvan.
 (3) Pifò konfwontasyon militè gen pou wè zam byolojik.
 (4) Jewografi jwe souvan sou pwosesis yon konfli.
- 43 Yon obstak prensipal pou kreye politik ki rezoud pwoblèm rechofman global se konfli ant
- (1) travay migran ak travayè natifnatal yo
 (2) gouvènman sosyalis yo ak gouvènman demokratik yo
 (3) nasyon ki posede zam nikleyè ak nasyon ki pa posede
 (4) devlopman ekonomik ak pwoteksyon anvivònman an
- 44 Pratik pou pèmèt zannimo manje zèb ak ti pyebwa ak pratik pou debwazman pou itilize pou konbistib te lakòz
- (1) polisyon lakòt (3) lapli asid
 (2) dezètifikasyon (4) desalman
- 45 Nan fen ane 1970 yo, gouvènman chinwa a te kreye politik yon sèl timoun paske dirijan li yo te vin konprann gen yon relasyon dirèk ant kwasans popilasyon ak
- (1) fòs militè (3) mobilite sosyal
 (2) devlopman ekonomik (4) tolerans politik
- 46 Yon fason dirijan endyen Asoka ak Akbar the Great sanble sèke yo konnen toulède poutèt yo t ap ankouraje
- (1) tolerans relijye
 (2) esklavaj prizonye yo
 (3) taks espesyal pou Endou yo
 (4) devlopman Boudis
- 47 Lè Ris yo te adopte Krisyanis Òtodòks ak alfabè sirilik montre
- (1) enpak vwayaj Battuta
 (2) wòl laprès ekri pandan Refòm nan
 (3) lidèchip Peter the Great
 (4) enfliyans Lanpi Bizanten
- 48 Iltimatòm Otrich-Hongri kont Lasèbi nan ane 1914 ak aksyon militè Etazini nan Afganistan ki kòmanse nan ane 2001, toulède se reyaksyon zak
- (1) enperyalis (3) kominis
 (2) izolasyonis (4) teworis
- 49 Ki dirijan ki pi asosye dirèkteman avèk Revolisyon Kiba nan ane 1959?
- (1) Emiliano Zapata ak Francisco Villa
 (2) Juan Peron ak Hugo Chávez
 (3) Fidel Castro ak Che Guevara
 (4) Bernardo O'Higgins ak Miguel Hidalgo


Sèvi ak foto ki anba la yo ak sa ou konnen nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 lan.

Kemal Atatürk



Sous: İlhan Akşit, Compiler,
Mustafa Kemal Atatürk, Akşit

Reza Pahlavi



Sous: Iran Politics Club online,
Mohamad Reza Shah Pahlavi Photo Album

50 Estil rad Kemal Atatürk peyi Latiki ak Reza Pahlavi peyi Iran mete nan foto sa yo endike dezi dirijan sa yo pou

- | | |
|----------------------------------|--------------------------------------|
| (1) oksidantalize nasyon yo | (3) ranfòse prensip debaz islamik yo |
| (2) sipòte mouvman nasyonalis yo | (4) adapte nan klima fizik peyi yo |
-

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Nan devlopman repons ou yo pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale osijè sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Enperyalis

Depi ane 1500, peyi yo t ap pouswiv yon politik ekspansyon yo konnen kòm enperyalis pou anpil kalite rezon. Yo kapab konsidere konsekans politik sa a nan diferan pwendvi.

Sa pou fè:

Chwazi **yon** peyi ki te angaje nan enperyalis depi ane 1500 epitou

- Diskite sou rezon peyi sa a te angaje nan enperyalis la
- Diskite sou konsekans enperyalis la nan pwendvi pèp oswa sosyete ki anba dominasyon **ak/oswa** nan pwendvi konkeran an

Ou ka itilize nenpòt peyi ki te angaje nan enperyalis la depi ane 1500 nan etid istwa global ak jewografi ou. Kèk sijesyon ou ta ka vle konsidere gen ladan Pòtigal, Lespay, Grannbretay, Lafrans, Itali, Bèljik, ak Japon.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Pa itilize Etazini kòm objektif repons ou.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste konpetans ou pou travay avèk dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an. Toujou sonje langaj ki itilize nan yon dokiman ka montre kontèks istorik epòk yo te ekri dokiman an.

Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, gouvènman yo te devlope ak kreye lwa ak dekrè pou anpil kalite rezon. *Lwa pou gèrye anba Tokugawa Shogunate, dekrè nazi ak lwa Twazyèm Reich*, ak *lwa konsènan lese-pase Repiblik Afrik-di-Sid* te gen anpil konsekans sou sosyete yo, rejyon yo, ak gwoup moun yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

Chwazi **de (2)** seri lwa ak/oswa dekrè ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo **chak**

- Eksplike sa gouvènman an te swete reyalize lè li te kreye lwa ak/oswa dekrè sa yo
- Diskite sou konsekans lwa ak/oswa dekrè sa yo sou yon sosyete espesyal, rejyon, oswa gwoup moun

Nan devlopman repons pou Pati III a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp oswa fasil pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay pandan w ap sèvi avèk reyalyte, rezonman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

Nan ane 1603, Tokugawa Ieyasu te pote laviktwa nan lagè sivil la epi li te vin dirijan siprèm Japon, Chogoun nan. Dirijan ki te vini apre li, Chogoun Hidetada te pwopoze lwa pou fanmi militè yo. Fanmi sa yo te gen ladan manm klas gèrye a: dayimyo, samouray siperyè, ak samouray enferyè.

Lwa ki Gouvènè Fanmi Militè yo (1615), Ekstrè

. . . [4] Gran seyè yo (dayimyō), seyè enferyè yo, ak ofisyèl yo ta dwe retire imedyatman nan domèn yo nenpòt pami domestik [vasal] yo oswa moun yo fè konfyans ki te anba akizasyon trayizon oswa ansasinay. . . .

[6] Kèlkeswa li gen entansyon pou fè reparasyon nan yon chato youn nan domèn feyodal yo, yo ta dwe fè otorite [chogoun] yo konnen sa. Konstwiksyon nenpòt nouvo chato dwe sispann ak entèdi avèk rigè [sevèman].

“Gwo chato yo se yon danje pou leta.” Miray yo ak douv yo se kòz gwo latwoublay yo.

[7] Yo ta dwe fè rapò imedyat sou inovasyon y ap planifye yo oswa sou konplo faksyon yo [plan gwoup disidan yo] ap fòme nan katye vwazen yo. . . .

Sous: Compiled by Ryusaku Tsunoda, et al., *Sources of the Japanese Tradition*, Columbia University Press (adapte)

1 Dapre dokiman sa a, ki **youn** nan fason lwa sa yo te limite aksyon klas gèrye a? [1]

Score

Dokiman 2

Sankin kotai oswa sistèm otaj te endike nan lwa konsènan klas gèrye a.

Lòt responsablite kay, oswa sankin kotai, se te yon sistèm yo te devlope nan peryòd Eta ki nan Lagè yo epi chogoun Tokugawa te pèfeksyone. Anjeneral, sistèm nan te egzije senpleman pou dayimyo a viv nan chato Tokugawa nan Edo pandan kèk peryòd tan, pou chanje avèk rezidans nan pwòp chato dayimyo a. Lè yon dayimyo p ap viv nan chato Tokugawa, li te gen obligasyon pou kite fanmi li nan vilaj chato [chogoun] chèf siprèm nan. Nan fòm pi senp li, se te yon sistèm otaj ki te egzije swa dayimyo a oswa fanmi li (tankou eritye ki pi enpòtan an) toujou depannde kapris chèf siprèm nan fizikman. . . .

Sous: "Sankin Kotai and the Hostage System," *Nakasendo Way*, Walk Japan

2 Dapre dokiman sa a, kisa ki **yon** fason sistèm otaj Tokugawa te afekte dayimyo yo (lòt responsablite nan kay)? [1]

Score

Dokiman 3

. . . Mezi sa yo [sistèm otaj, politik izòlman, ak entèdiksyon zam- pou-tire] te gen siksè nan mete yon pwèn final nan lagè ki touye anpil moun nan peryòd anvan an. Men Chogoun pa t kapab anpeche sosyete ki anba yo kontinye chanje. Konsantrasyon seyè ak fanmi yo nan Edo te fasilite yon kwasans komès nan diri pou nourì yo ak domestik yo, epi sa te fasilite yon pwoliferasyon [ogmantasyon] atizan iben ak komèsan ki satisfè bezwen yo. Vil Japon yo te grandi pou yo vin pi gran vil nan monn lan. Klas machann nan, menmsi yo sipoze yo gen repitasyon ki ba anpil, te vin enpòtan ofi-amezi, epi yon nouvo kilti iben powezi popilè, pyès teyat, woman te devlope, diferan nan anpil fason avèk kilti ofisyèl leta. Yon detant entèdiksyon sou liv oksidantal yo apre ane 1720 te lakòz kèk entèlektyèl te montre yo enterese nan lide oksidantal yo, epi yon 'Lekòl aprantisaj neyèlandè' te kòmanse fè etid nan lasyans, agwonomi [agrikilti] ak astwonomi kopènisyen. Lè lajan t ap vin enpòtan ofi-amezi, anpil nan *samouray yo* te vin pòv, sa ki te fòse yo vann zam yo epi pran agrikilti oswa boza pou peye dèt yo. Pandanstan, grangou te frape peyizan yo anpil fwa—prèske yon milyon te mouri nan ane 1732 (sou yon popilasyon 26 milyon), 200,000 nan ane 1775, epi anpil santèn milye nan ane 1780—epitou te gen yon seri revòlt peyizan yo youn-apre-lòt. Sipè-estrikti politik The Tokugawa te rete san danje nè. Men anba, fòs sosyal li yo t ap devlope avèk kèk resanblans avèk fòs sosyal yo nan Ewòp oksidantal pandan peryòd Renesans lan. . . .

Sous: Chris Harman, *A People's History of the World*, Verso (adapte)

- 3 Dapre Chris Harman, kisa ki **yon** chanjman ki te fèt nan peyi Japon kòm yon konsekans sistèm otaj ak politik izolasyonis? [1]

Score

Dokiman 4a

Ekstrè nan Lòd Bòykòt Pati [Nazi], 28 Mas 1933

. . . 3. Komite aksyon yo dwe vin popilè imedyatman pou bòykote avèk mwayen pwopagann ak lide syèk limyè. Prensip la se: Okenn Alman pa dwe achte nan men yon jwif ankò oswa okenn Alman pa dwe kite Jwif la ak sipòtè li achte machandiz li yo. Bòykòt la fèt pou jeneral. Li dwe jwenn sipò tout pèp alman an epitou li dwe frape kominote jwif la nan kote ki pi sansib la. . . .

8. Yo dwe kowòdone ak òganize bòykòt la nan mouvman tout kote anmenmtan, yon fason pou tout preparasyon yo dwe fèt imedyatman. Y ap voye lòd nan SA ak SS yon fason nan moman bòykòt la gad yo ap avèti popilasyon an pou yo antre nan magazen jwif yo. Yo dwe anonse kòmansman bòykòt la avèk afich, nan laprès ak depliyon, elatriye. Bòykòt la pral kòmansman samdi 1ye avril kou li fè 10 zè. L ap kontinye jouk lè yon lòd soti nan kominote dirijan Pati a pou li sispann. . . .

Sous: J. Noakes and G. Pridham, eds., *Documents on Nazism, 1919–1945*, The Viking Press

4a Nan ane 1933, kisa ki **yon** aksyon Pati Nazi a te vle pèp alman an fè kont Jwif yo dapre ekstrè sa a? [1]

Score

Dokiman 4b

Dekrè pou Elimine Jwif yo nan Lavi Ekonomik Alman, 12 Novanm 1938

. . . *Atik 1*

1. Apati 1ye janvyè 1939, vin alatèt magazen ki vann andetay, sosyete lavant-pa-korespondans, ak pratik komès endepandan entèdi pou Jwif yo. . . .

Sous: J. Noakes and G. Pridham, eds., *Documents on Nazism, 1919–1945*, The Viking Press

4b Kòm yon rezilta dekrè Nazi a, kisa ki **yon** sitiyasyon ekonomik espesyal pèp jwif la te genyen? [1]

Score

Dokiman 5a

“Lannwit Kristal”



Sous: Anne Frank Guide online

Dokiman 5b

. . . Nazi yo fè konnen Kristallnacht te se yon revòlt Alman òdinè yo te fè. Pou kounye a, yo te planifye li avèk anpil atansyon. Gouvènman an te bay lòd pou eskwad Chemiz Bren pran lari a. Djòb yo se te pou detwi ak teworize. Jestapo, oswa lapolis sekrè, te resevwa lòd pou yo pa sispann vyolans lan. Olye sa, yo te dwe travèse katye k ap boule yo, pou arete Jwif yo.

Kristallnacht se te yon moman enpòtan. Nazi yo te ogmante efò yo pou “Aryanize” ekonomi alman an. Jwif yo te pèdi pwopriyete yo depi Hitler te pran pouvwa a. Kounye a, sezi pwopriyete yo nan men yo te vin yon politik ofisyèl.

Nan dat 12 novanm, gouvènman an te enpoze yon amann yon milya *reichmarks* sou kominote jwif alman an. Se te yon pinisyon poutèt zak yon adolesan twouble.* Anplis sa, Jwif ki te viktim nan pwòp Kristallnacht yo te dwe peye pou domaj yo avèk lajan pòch yo. Yo pa t kapab touche asirans pou kouvri pèt sa yo. . . .

Sous: Linda J. Altman, *The Jewish Victims of the Holocaust*, Enslow Publishers (adapte)

*Herschel Grynszpan te touye yon Alman nan anbasad alman nan Vil Pari paske li te ankòlè pou depòtasyon paran li yo. Gouvènman an te itilize zak sa a pou jistifye aksyon li sou Kristallnacht.

5 Dapre foto sa a ak pasaj sa a, kisa ki **de** (2) konsekans politik Kristallnacht sou popilasyon jwif la nan peyi Almay? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 6

- Septanm 1996: Yon rapò *Jewish Chronicle* Lond endike Nazi yo te vòlè \$4 milya dola (\$65 milya an dola ane 1996*) nan men Jwif yo ak lòt moun pandan Dezyèm Gè Mondyal la epi yo te mete lajan sa a nan kèk bank peyi Lasuis. Total la te apeprè 20 fwa kantite lajan Lasuis te rekonèt anvan; . . .
- 29 Oktòb 1996: . . .Boza, pyès monnen ak lòt atik Nazi yo te vòlè nan kay Jwif Otrich yo vann nan yon lavant ozanchè ki nan avantaj vil Vyèn. Se entansyon òganizatè lavant ozanchè a pou kenbe atik yo nan kominote jwif la. Nan fen jounen an, lavant ozanchè a te bay yon benefis \$13.2 milyon dola, avèk yon resèt ki te ale pou ede sivivan Olokos yo ak eritye yo. . . .
- 12 Fevriye 1997: Peyi Lasuis, ki anba akizasyon gouvènman an pandan lagè a te aksepte ak blanchi [kache sous] lajan Almay Nazi te vòlè nan men Jwif yo, dakò pou kreye yon fon \$71 milyon dola pou sivivan Olokos yo ak eritye yo.

Sous: *The Holocaust Chronicle*, Publications International, 2000

*Kat (4) milya dola pandan Dezyèm Gè Mondyal la te vo apeprè \$65 milya dola nan ane 1996.

6 Dapre enfòmasyon sa yo ki nan *The Holocaust Chronicle*, endike **yon** aksyon yo te fè nan yon efò pou konpanse sivivan Olokos yo ak eritye yo anpil ane apre Dezyèm Gè Mondyal la te fini. [1]

Score

Dokiman 7a

Lwa konsènan Amanman Dwa Natifnatal yo, Lwa Nimewo 54 ane 1952, Inyon Afrik-di-Sid

. . . 29 (1). Kèlkeswa lè nenpòt ofisye otorize gen rezon pou kwè nenpòt natifnatal [Sid Afriken nwa] ki nan yon zòn lavil oswa yon zòn yo pwoklame an fonksyon seksyon *venntwa*—

(a) se yon moun parese nan sa—

(i) li nan chomaj souvan epi li pa gen ase mwayen onèt pou travay. . .

li [ofisye otorize a] ka, san manda, arete natifnatal la oswa lakòz yo arete natifnatal la epi nenpòt ofisye lapolis ewopeyen oswa ofisye yo chwazi dapre sou-seksyon (1) seksyon *vennde* ka mennen yon natifnatal devan yon manm komisyon natifnatal oswa majistra ki dwe egzije natifnatal la pou li bay yon kontrandi ki bon ak satisfèzan sou li. . . .

Sous: Native Laws Amendment Act, Act No. 54 of 1952, Digital Innovation South Africa online (adapte)

7a Anba Lwa Nimewo 54 ane 1952 Inyon Afrik-di-Sid, kisa ki te kapab pase yon moun natifnatal ki te souvan nan chomaj? [1]

Score

Dokiman 7b

Natifnatal yo (Abolisyon Pasaj ak Kowòdinasyon Dokiman yo) Lwa, Lwa Nimewo 67 ane 1952 Inyon Afrik-di-Sid

. . . Nenpòt ofisye lapolis ka nenpòt lè mande yon Afriken [nwa] ki rive nan laj sèzan pou li bay liv [pasaj] referans li. Si yo pa t ba li yon kanè referans men li pa bay kanè referans lan paske li pa posede kanè referans lan nan moman an, li fè yon zak kriminel epi li responsab pou peye yon amann ki p ap depase dis (10) liv oswa pou yo mete li nan prizon pou yon peryòd tan ki p ap depase yon mwa. . . .

Sous: Leslie Rubin and Neville Rubin, *This is Apartheid*, Christian Action, London (adapte)

7b Anba Lwa Nimewo 67 ane 1952 Inyon Afrik-di-Sid, ki sanksyon yo kapab bay pou yon Afriken nwa ki gen laj sèzan oswa plis si li pa t bay kanè referans li? [1]

Score

Dokiman 8

Ekstrè sa a baze sou memwa Peter Abrahams ak konvèsasyon li te fè avèk patwon Sid Afriken nwa li, Jim.

. . . Lè Jim te kite vilaj Pedi li nan nò Transvaal, li te dwe ale nan estasyon lapolis toupre a oswa nan Depatman Afè Natifnatal. Lè li rive la li te resevwa yon Pasaj nan Trek. Sa te pèmèt li vwayaje nan Johannesburg. Lè li rive nan vil la li te resevwa yon Lese-Pase Idantifikasyon ak yon Lese-Pase Espesyal pou Swasant Jou. Li te peye de (2) chiling chak mwa pou Lese-Pase Idantifikasyon an. Swasant Jou Espesyal la se te pwoteksyon li pandan li t ap chèche travay. Li pa t jwenn travay pandan premye sis (6) jou yo nan vil la. Li pa t ale nan biwo lese-pase a pou renouvle Swasant Jou Espesyal li a. Li te jwenn arestasyon li nan uityèm jou a epi li te pase de (2) semèn nan prizon kòm yon vagabon [moun ki pa gen adrès oswa travay]. Sa te montre li pou li ale nan biwo lese-pase a souvan. . . .

Sous: Peter Abrahams, *Tell Freedom: Memories of Africa*, Alfred A. Knopf

8 Dapre Peter Abrahams, kisa ki te **yon** fason lwa konsènan pasaj yo te afekte patwon li, Jim? [1]

Score

Dokiman 9

Rezistans kont dominasyon blan t ap kontinye men san siksè. Yo te rele lapolis ak fòs lame Sid-Afriken chak dwa moun nwa yo te revòlte kont lwa apated yo ki te fè lavi yon mizerab anpil. Nan dat 21 mas 1960, yon gwoup moun nwa san zam te antre nan estasyon lapolis ki nan Sharpeville (vilaj moun nwa) pou òganize yon manifestasyon pasifik kont lwa konsènan kanè referans yo. Okenn moun nwa nan Afrik-di-Sid pa t kapab vwayaje, viv, oswa travay san yon lese-pase. Dokiman sa a yo te rayi a se te dosye lavi yon moun jan gouvènman blan an defini sa. Anpil milye manifestan te kite kanè lese-pase yo lakay yo, avèk lespwa pou lapolis arete yo. Yo te panse sa ta montre politik gouvènman an pa t kapab kontinye si li te gen pou arete anpil ak yon pakèt. Men manifestasyon pasifik la te rankontre avèk koutzam. Lè manifestasyon an te fini, swasant-nèf (69) moun nwa te mouri, lapolis te tire yo nan do yo pandan yo t ap eseye sove lè koutzam yo te kòmanse. Lanmò yo te lakòz yon manifestasyon toupatou nan peyi a.

Sous: Blauer and Lauré, *South Africa*, Children's Press

9a Dapre dokiman sa a, ki aksyon Sid Afriken nwa yo te fè pou opoze lwa konsènan lese-pase yo? [1]

Score

b Dapre dokiman sa a, kisa ki te repons gouvènman Sid Afriken pou sitiyasyon ki te gen nan Sharpeville nan dat 21 mas 1960? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki gen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèw nan *omwen kat (4)* dokiman nan redaksyon w lan. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki soti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Pandan tout listwa, gouvènman yo te devlope ak kreye lwa ak dekrè pou anpil kalite rezon. ***Lwa pou gèrye anba Tokugawa Shogunate, dekrè nazi ak lwa Twazyèm Reich***, ak ***lwa konsènan lese-pase Repiblik Afrik-di-Sid*** te gen anpil konsekans sou sosyete yo, rejyon yo, ak gwoup moun yo.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa jeneral, ekri yon redaksyon kote ou

Chwazi ***de (2)*** seri lwa ak/oswa dekrè ki endike nan kontèks istorik la epi pou yo ***chak***

- Eksplike sa gouvènman an te swete reyalize lè li te kreye lwa ak/oswa dekrè sa yo
- Diskite sou konsekans lwa ak/oswa dekrè sa yo sou yon sosyete espesyal, rejyon, oswa gwoup moun

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete enfòmasyon nan *omwen kat (4)* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

